


BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Dumasar kana tujuan anu hayang dihontal, panalungtikan ieu ngagunakeun métode penelitian tindakan kelas (PTK). Nurutkeun Kusnandar (2008:42) PTK mangrupa bagian tina panalungtikan tindakan (*action research*). Ieu panalungtikan tindakan téh bagian tina panalungtikan nu umumna. Panalungtikan tindakan kelas nya éta hiji penelitian tindakan nu dilakukeun ku guru sakaligus salaku panalungtik di kelasna atawa gawé bareng jeung nu lian (kolaborasi) ku jalan ngararancang, ngalaksanakeun jeung ngrefleksikeun tindakan sacara kolaboratip jeung partisipatip nu tujuanana sangkan bisa ningkatkeun mutu prosés pangajaran di kelas ngaliwatan hiji tindakan nu tangtu dina sababraha siklus (Kusnandar, 2006:84).

Jadi, tina pamadegan di luhur bisa dicindekkeun yén penelitian tindakan kelas nya éta hiji panalungtikan tindakan (*action research*) nu dilakukeun ku guru nu sakaligus salaku panalungtik dikelasna atawa babarengan jeung nu lain (*kolaborasi*) ku cara ngararancang, ngalaksanakeun jeung ngaréfléksikeun tindakan sacara kolaboratip jeung partisipatip nu tujuanan pikeun ngoméan atawa ningaktkeun kualitas prosés pangajaran di kelasna ngaliwatan hiji tindakan nu tangtu dina sababraha siklus. Desain PTK nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyoko kana pamadegan Arikunto (2006:16). Sangkan leuwih jéntré tiasa dititénan saperti ieu di handap.



Gambar 3.1
Modél Panalungtikan Tindakan
 (Arikunto, 2006:16)

Tahap 1: Ngararancang Tindakan (*Planning*)

Tahap nyusun rarancang tindakan mangrupa tahap ngeunaan naon, kunaon, iraha, dimana, ku saha, jeung kumaha tindakan nu rék dilakukeun. Panalungtik nangtukeun titik kajadian pikeun ditalungtik sacara husus. Satuluyna nyieun instrumen panalungtikan pikeun mantuan panalungtik ngarekam pakta nu kajadian salila tindakan lumangsung.

Tahap 2: Pelaksanaan Tindakan (*Action*)

Tahap kadua nya éta pelaksanaan nu mangrupa implementasi Média *audio-visual* dina nulis carpon nu baris dirarancang. Dina ieu tahap guru kudu bisa nyaluyukeun jeung naon anu geus dirumuskeun dina rarancang.

Tahap 3: Pengamatan (*Observing*)

Tahap katilu nya éta kagiatan panalungtikan nu dilakukeun ku panalungtik. Panalungtikan kudu nyoko kana instrumen. Nurutkeun Kusnandar (2008:98) aspek nu di talungtik dina PTK nya éta: (a) prosés tindakanana; (b) pangaruh tindakan (boh nu dihaja boh nu teu dihaja); (c) kaayaan jeung kendala tindakan; (d) kumaha kaayaan jeung kendala ngahambat atawa ngamudahkeun tindakan nu dirarancang jeung pangaruhna; (e) pasualan lain nu bakal timbul salila kagiatan PTK lumangsung.

Tahap 4: Réfléksi (*Reflecting*)

Tahap ka opat mangrupa kagiatan pikeun ngungkapkeun deui naon-naon nu geus dilakukeun. Istilah réfléksi asal kecapna tina basa Inggris *reflectio*, mun diterjemahkeun ka basa indonesia '*pemantulan*'. Kagiatan réfléksi dilakukeun sabada réngsé ngalaksanakeun tindakan.

Opat tahap nu dilakukeun dina panalungtikan nya éta unsur pikeun ngawangun hiji siklus, nya éta hiji putaran sacara ngaruntuy nu balik deui ka langkah mimiti. Hiji siklus ngawéngku tahap perencanaan pengamatan, observasi jeung réfléksi.

3.2 Setting Panalungtikan

Setting panalungtikan ngawengku lokasi panalungtikan, subjék panalungtikan, jeung waktu pelaksanaan panalungtikan.

3.2.1 Lokasi Panalungtikan

Panalungtikan tindakan kelas ieu dilakukeun di SMA Pasundan 1 Bandung anu lokasina di Jl. Balonggede No.28 Bandung. Jl. Balonggede ayana di puseur kota deukeut alun-alun kota Bandung. Salian ti éta SMA Pasundan 1 Bandung pagigir-gigir jeung gedung pemarentah daerah provinsi Jawa Barat.

3.2.2 Subjek Panalungtikan

Subjek ieu panalungtikan nya éta siswa SMA Pasundan 1 Bandung kelas XI B1 RSBI kalawan jumlah siswa 30 urang, nu ngawengku 18 siswa awéwé jeung 12 urang siswa lalaki.

3.2.3 Waktu Panalungtikan

Panalungtikan ieu dilakukeun kurang leuwih sabulan nya éta bulan Januari 2011, anu ngawengku saperti dina tabel ieu di handap.

Tabel 3.1 Waktu Panalungtikan

No	Siklus	Tanggal
1	Tés awal	13 Januari 2011
2	Siklus I	18 Januari 2011
3	Siklus II	20 Januari 2011

3.3 Wangenan Operasional

1) Media *Audio-visual*

Dina pangajaran aya sababaraha média anu bisa dipaké ku guru pikeun nepikeun bahan ajar di kelas. Salasahijina nya éta média *audio-visual*, média *audio-visual* ngutamakeun naon anu ditingali jeung naon anu didéngé ti pamiarsa. Produk *audio-visual* téh bisa jadi média komunikasi. Salaku média dokumentasi tujuan nu leuwih utama nya éta meunangkeun fakta tina hiji kajadian. Sedengkeun salaku média komunikasi, hiji produk *audio-visual* ngalibatkeun leuwih loba élemén média jeung leuwih ngabutuhkeun perencanaan sangkan bisa ngomunikasikeun film, carita, iklan.

2) Kamampuh Nulis Carita Pondok

Kamampuh pikeun nepikeun gagasan eusi pikiran, kahayang, kereteg haté atawa informasi ngaliwatan basa dina wangun carpon, alur caritana mangrupa rekaan anu méré kesan lir enya-nya kajadian tur ukurana parondok.

3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan ngawengku tés kamampuh siswa, observasi, jeung catetan lapangan.

3.4.1 Tés Kamampuh Siswa

Tés dilakukeun pikeun ngukur hasil diajar siswa tina materi nu geus ditepikeun salila kagiatan pangajaran ngagunakeun média *Audio-visual*. Tés nu dilaksanakeun ngaliwatan tés tinulis diunggal tahap pangajaran pikeun ngukur ngaronjatkeun kamampuh nulis carita pondok siswa ngagunakeun format peunteun anu geus ditetepkeun.

Tés anu digunakeun nya éta nguji kaparigelan nulis siswa. Hasil ieu digunakeun salaku bahan pikeun ningkatkeun kamampuh siswa salila kagiatan panalungtikan lumangsung, boh dina lawungan pra-panalungtikan, siklus I, jeung siklus II. Wangun nu dilaksanakeun nya éta wangun tés tinulis (nulis carita pondok).

3.4.2 Observasi

Nurutkeun Popper (dina Hopkins, 1993 dina Wiriaatmadja, 2007:104), umumna observasi nya éta tindakan nu mangrupa tafsiran tina téori. Tapi dina panalungtikan ieu béda jeung pamadegan Popper. Panalungtik atawa saha waé dina waktu asup ka hiji ruangan kelas anu tujuanana observasi, leuwih hadé ninggalkeun téori-téorina di luar kelas, jeung mimiti nalungtik tanpa aya justifikasi hiji téori (Wiriaatmadja, 2007:104).

Observasi ieu dilakukeun pikeun niténan aktivitas guru jeung siswa dina kagiatan kelompok atawa individu salila prosés diajar lumangsung. Dua formait observasi éta dieusian ku observer anu dilakukeun babarengan nalika pelaksanaan tindakan di unggal siklus pikeun nempo aktivitas guru jeung aktivitas siswa salila pangajaran lumangsung.

3.4.3 Catetan Lapangan

Catetan lapangan mangrupa instrument pikeun nyatet sagala peristiwa anu kajadian dumasar kana tindakan anu dilakukeun ku guru, anu gunana pikeun nempo perkembangan tindakan jeung perkembangan siswa dina ngalakukeun prosés pangajaran (Sanjaya, 2009:98). Dina catetan lapangan ieu, dieusian ku hasil observasi, réaksi, jeung réfléksi panalungtikan kana proses pangajaran.

3.5 Alat Ngumpulkeun Data

Alat ngumpulkeun data nu digunakeun dina ieu panalungtikan, nya éta: 1) lambaran téis, 2) lambaran observasi, jeung 3) catetan lapangan.

3.5.1 Lambaran Téis

Lambar téis anu diujikeun dina ieu panalungtikan, mangrupa paréntah anu kudu dilakukeun ku siswa salila ngalaksanakeun pangajaran nulis carita pondok.

Tés Nulis Carita Pondok

- Jieun carita pondok ngeunaan video nu geus ditingali ku hidep !
- Gunakeun unsur-unsur anu aya dina carita pondok.

Pikeun ngukur hasil téis nulis karangan carita pondok, baris ditangtukeun format peunteun nu nangtukeun tuntas henteuna peunteun kamampuh nu dipimilik siswa boh dina téis awal boh téis ahir.

Tabél 3.2
Format Penilaian Nulis Carita Pondok

Ngaran Siswa :

Kelas :

No.	Aspék anu Diajén	Skala Penilaian					Bobot	Skor/Ajén
		5	4	3	2	1		
1	Éjahan							
2	Tanda Baca							
3	Eusi Karangan							
4	Unsur-unsur Carpon							
5	Hubungan Eusi jeung Tema							
6	Pilihan kecap							
Jumlah Bobot								
Peunteun								

(Kosasih, 2010:117)

Keterangan:

- ✓ Bobot Idéal = 30
- ✓ Skor Idéal = 100
- ✓ Skor = $\frac{\text{Bobot}}{\text{Bobot Idéal}} \times \text{Skor Idéal}$

- ✓ Katagori Nilai Dumasar KKM:

Peunteun	Keterangan
≥ 70	Tuntas
< 70	Can Tuntas

✓ Pedoman Skala Peunteun:

a. Éjahan

Bobot 5 = Éjahan dina kalimah geus sampurna pisan.

Bobot 4 = Éjahan dina kalimah geus sampurna.

Bobot 3 = Éjahan dina kalimah cukup sampurna.

Bobot 2 = Éjahan dina kalimah masih aya anu salah (hampir sampurna).

Bobot 1 = Éjahan dina kalimah teu sampurna pisan.

b. Tanda Baca

Bobot 5 = Tanda baca anu dipaké dina nulis kalimah geus sampurna pisan.

Bobot 4 = Tanda baca anu dipaké dina nulis kalimah geus sampurna.

Bobot 3 = Tanda baca anu dipaké dina nulis kalimah cukup sampurna.

Bobot 2 = Tanda baca anu dipaké dina nulis kalimah teu sampurna.

Bobot 1 = Tanda baca teu dipaké dina nulis kalimah.

c. Eusi Karangan

Bobot 5 = Eusi karangan lengkap aya tanda baca jeung maké éjahan nu hadé, tuluy eusina alus pisan.

Bobot 4 = Eusi karangan lengkap aya tanda baca jeung maké éjahan nu hadé, tuluy eusina alus.

Bobot 3 = Eusi karangan cukup lengkap aya tanda baca jeung maké éjahan nu hadé, tuluy eusina lumayan alus.

Bobot 2 = Eusi karangan aya tanda baca jeung maké éjahan nu hadé.

Bobot 1 = Eusi karangan teu maké tanda baca, éjahanana acakan jeung eusi teu méréhah.

d. Unsur-unsur Carpon

Bobot 5 = Dina eusi karangan lengkep, aya 6 unsur carpon nya éta Tema, Galur, Latar, Gaya Basa, Palaku, Amanat.

Bobot 4 = Dina eusi karangan ngan aya 5 unsur..

Bobot 3 = Dina eusi karangan ngan aya 4 unsur carpon.

Bobot 2 = Dina eusi karangan ngan aya 3 unsur carpon.

Bobot 1 = Dina eusi karangan ngan aya 2 unsur carpon (teu lengkep).

e. Hubungan eusi jeung Tema

Bobot 5 = Eusi karanganana saluyu pisan jeung tema.

Bobot 4 = Eusi karanganana hampir saluyu jeung tema.

Bobot 3 = Eusi karanganana kurang saluyu jeung tema.

Bobot 2 = Eusi karanganana teu saluyu jeung tema.

Bobot 1 = Eusi karanganana jauh/teu nyambung jeung tema.

f. Pilihan Kecap

Bobot 5 = Pilihan kecap nu digunakeun mernih atawa keuna kana larapna.

Bobot 4 = Pilihan kecap nu digunakeun rada mernih atawa rada keuna kana larapna.

Bobot 3 = Pilihan kecap nu digunakeun cukup mernih atawa cukup keuna kana larapna.

Bobot 2 = Pilihan kecap nu digunakeun kurang mernih atawa kurang keuna kana larapna.

Bobot 1 = pilihan kecap nu digunakeun henteu mernih atawa henteu keuna kana larapna.

3.5.2 Lambaran Observasi

Lambaran Observasi mangrupa salasahiji instrument anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data panalungtikan. Dina observasi ieu aya dua hal anu ditalungtik, nya éta lambaran pedoman observasi aktivitas guru jeung lambaran observasi aktivitas siswa.

3.5.2.1 Lambaran Padoman Observasi Aktivitas Guru

Observer niténan jeung ngévaluasi panalungtik (guru) nalika keur ngajar salila KBM lumangsung.

Tabél 3.3
LAMBARAN OBSERVASI AKTIVITAS GURU

Wasta Obsérver :

Poé, Ping :

Jam :

Standar Kompetensi : *11.4. Mampu Mengungkapkan Pikiran, Perasaan, dan Keinginan dalam Berbagai Ragam Tulisan yang Berbentuk Cerita Pendek, Laporan Kegiatan, dan Resensi Buku.*

Kompeténsi Dasar : *11.4.1 Menulis Cerita Pendek.*

No	Aktivitas	Ya	Tidak	Koméntar
1.	Kegiatan awal a) Ngondisikeun siswa. b) Ngadata kahadiran siswa. c) Ngayakeun apersépsi ngeunaan matéri anu baris dijaskeun d) Ngamotivasi siswa sangkan sumanget diajar. e) Nepikeun tujuan jeung léngkah-léngkah pangajaran anu kudu dihontal salila pembelajaran.			
2.	Kegiatan inti a) Guru nitah siswa pikeun nonton/ningali video nu baris disadiakeun. b) Guru nitah siswa pikeun neuleuman éta video. c) Guru nitah siswa pikeun nyieun karangan carita pondok dumasarkeun naon nu ku			

	manehna ditingali jeung didengekeun.			
3.	Kegiatan ahir a) Negeskeun deui matéri pangajaran anu geus ditepikeun. b) Mungkas kegiatan pangajaran.			
	Jumlah			
	Persentase			

Keterangan: Béré tanda *chek list* (√) dina kolom **ya** lamun katitén dilaksanakeun, atawa dina kolom **tidak** lamun teu katitén dilaksanakeun.

Catetan obsérver:

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

Obsérver,

Bandung, ... Januari 2011
Panalungtik ,

NIP/NIM.

Evi Nurmayatini
NIM. 0700615

3.5.2.2 Lambaran Padoman Observasi Aktivitas Siswa

Observer niténan aktivitas siswa salila pangajaran lumangsung nu aya patalina jeung motivasi nu tumuwuh salila proses pangajaran.

Tabél 3.5
LAMBARAN OBSERVASI AKTIVITAS SISWA

Wasta Observer :

Poé, Ping :

Jam :

Standar Kompetensi : *11.4. Mampu Mengungkapkan Pikiran, Perasaan, dan Keinginan dalam Berbagai Ragam Tulisan yang Berbentuk Cerita Pendek, Laporan Kegiatan, dan Resensi Buku.*

Kompeténsi Dasar : *11.4.1 Menulis Cerita Pendek.*

No	Aktivitas	Ya	Tidak	Koméntar
1.	Kegiatan awal a) Nurut nalika dikondisikeun. b) Ngaréspon data kahadiran siswa. c) Ngarti kana apersépsi matéri anu baris dijelaskeun. d) Kamotivasi pikeun sumanget diajar. e) Ngarti kana tujuan jeung léngkah-léngkah pangajaran anu kudu dihontal salila pembelajaran.			
2.	Kegiatan inti a) Siswa nonton/ningali video nu baris di sadiakeun. b) Siswa neuleuman éta video c) Siswa diajar nulis nyieun karangan carita pondok dumasarkeun video nu baris disadiakeun ku guru.			

3.	Kegiatan ahir a) Merhatikeun kana <i>penegasan</i> deui matéri pangajaran anu geus ditepikeun. b) Mungkas kegiatan pangajaran.			
Jumlah				
Persentase				

Keterangan: Béré tanda *chek list* (√) dina kolom **ya** lamun katitén dilaksanakeun, atawa dina kolom **tidak** lamun teu katitén dilaksanakeun.

Catatan obsérver:

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

Obsérver,

Bandung, ... Januari 2011
Panalungtik ,

NIP/NIM

Evi Nurmayatini
NIM. 0700615

3.5.3 Catetan Lapangan

Catetan lapangan dieusian ku observer salaku catetan salila prosés pangajaran anu mangrupa catetan ngeunaan kajadian dina pangajaran anu henteu nyampak dina lambaran observasi.

Tabél 3.5

LAMBARAN CATETAN LAPANGAN (*FIELD NOTES*)

Wasta Observer :

Poé, Ping :

Jam :

Catetan lapangan	Refléksi jeung Analisis

(Wiriaatmadja, 2009:129)

Bandung,Januari 2011

Observer,

NIP/NIM.

3.6 Analisis Data

Analisis data dilakukeun di unggal siklus, salaku bahan réfléksi pikeun pelaksanaan siklus satuluyna. Aya sababaraha tahapan dina analisis data, di antarana:

- 1) Ngalakukeun réduksi data atawa ngawilah-wilah data saluyu jeung fokus masalah. Dina ieu hal, panalungtikan anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data, satuluyna dikumpulkeun dumasar fokus masalahna.
- 2) Ngalakukeun interprétasi data atawa napsirkeun data anu geus diwilah-wilah dina wangun pernyataan.
- 3) Ngaanalisis data nu mangrupa hasil tés nulis carita pondok siswa diunggal tindakan pikeun mikanyaho hasil panalungtikan anu geus dilakukeun. Kriteria ketuntasan minimal (KKM) pelajaran basa Sunda di SMA Pasundan 1 Bandung nya éta 70. Siswa nu disebut tuntas nya éta siswa nu meunang peunteun ≥ 70 , sedengkeun anu disebut can tuntas nya éta siswa nu meunang peunteun kurang tim70 (<70). Sangkan leuwih jentré bisa dititinan dina tabel 3.3.
- 4) Ngalalisis hasil observasi aktivitas guru jeung siswa ku cara ngitung unggal presentasi tiap katégori dina unggal tindakan anu dilakukeun ku panalungtik jeung ngitung ti observer.

- 5) Ngaanalisis hasil catetan lapangan salaku hasil réaksi, jeung réfléksi panalungtik kana proses pangajaran anu teu dijelaskeun observasi ku sabab muncul kalawan henteu direncanakeun atawa kagambar saméméhna salaku bahan tinimbang pikeun ngalakukeun réfléksi anu baris dilarapkeun dina kagiatan pangajaran.
- 6) Ngalakukeun analisis kualitatif, nya éta nyindekkeun ngaronjat henteuna hasil pangajaran anu geus dilaksanakeun dumasar tina hasil observasi kalawan babarengan jeung observer.
- 7) Nyindekkeun hasil panalungtikan, dumasar kana analisis hasil observasi anu disaluyukeun jeung tujuan panalungtikan anu diinterpretasikeun dina kalimah pertanyaan.

3.7 Prosedur Panalungtikan

Prosedur ieu panalungtikan ngawengku sababaraha kagiatan anu dilakukeun salila panalungtikan ti awal nepi ka ahir, diantarana:

- 1) réfléksi awal tina pangajaran nulis carita pondok anu geus diajarkeun.
- 2) ngaidéntifikasi pasualan di kelas anu ngabalukarkeun munculna pasualan nu karandapan ku siswa dina pangajaran nulis carita pondok. Saperti halna kapaluruh média pangajaran anu kurang éféktif.

- 3) netepkeun média nu baris digunakeun dina pangajaran nulis carita pondok.
- 4) netepkeun jumlah siklus salila pelaksanaan PTK, nya éta dua siklus.
- 5) nganalisis Standar kompetensi (SK), jeung Kompetensi Dasar (KD).
- 6) nyusun Rencana Pelaksanaan Pangajaran (RPP), anu ngawéngku: indicator, tujuan pangajaran, skenario pangajaran, alokasi waktu, métode, alat jeung bahan, jeung évaluasi kaasup tés.
- 7) nyieun instrument panalungtikan pikeun masing-masing siklus, nu ngawéngku: lambar observasi aktivitas guru, lambar observasi aktivitas siswa, jeung catetan lapangan.
- 8) ngajukeun proposal panalungtikan.
- 9) ngalaksanakeun kagiatan seminar proposal panalungtikan.
- 10) nyusun bab I, II, jeung III.
- 11) bimbingan bab I, II jeung III.
- 12) prak-prakan tindakan siklus I.
- 13) refleksi tindakan siklus I, anu hasilna digunakeun salaku patokan dina nangtukeun *perbaikan* tindakan dina siklus II.
- 14) prak-prakan tindakan siklus II.

15) refleksi tindakan siklus II, anu hasilna digunakeun salaku kacindekan panalungtikan.

16) nyusun bab IV jeung V.

17) bingbingan bab IV jeung V.

18) Ujian Sidang skripsi panalungtikan.

